



KONPÒTMAN AK SENDWÒM DOWN: YON GID PRATIK POU PARAN

David Stein, PsyD



**Boston
Children's
Hospital**

Until every child is well™



the **Developmental
Medicine Center**
at Boston Children's Hospital

Enstiti pou Enklizyon Kominotè



Lave pitit pafwa sanble ak kòmanse yon vwayaj san ou pa konn chemen an. Chak fwa gen yon chanjman inatandi sou wout la, yon paran ki gen sousi sèvi ak entwisyon li baze sou eksperyans li te fè anvan pou chwazi bon chemen an. Pou kèk fanmi, sa mache byen. Pou pifò nan nou, yon ti gid siplemantè pou nou konprann konpòtman pitit nou yo ka fè yon gwo diferans. Malgre gen anpil bon liv ki pale sou konpòtman timoun an jeneral, pa gen anpil enfòmasyon ki fèt espesyalman pou ede fanmi ankouraje bon konpòtman lakay timoun ki gen Sendwòm Down. Gid Dr. Stein lan ranpli vid sa a bèl e li bay bon konsèy pratik pou paran timoun ki gen Sendwòm Down. Li rekonèt chak timoun inik, men li konnen tou gen kèk sitiyasyon ki konn mete paran an difikilte. Li pataje estrateji ki te mache deja epi ki ka ede w kòmanse jodi a menm. Mwen fyè anpil pou m rekòmande gid sa a bay fanmi ki vin jwenn Pwogram Sendwòm Down (Down Syndrome Program) nan Children's Hospital yo. Mwen swete li pote limyè sou chemen ki devan w pou vwayaj fanmi w ka vin pi kalm ak pi satisfè.

Emily Jean Davidson, MD, MPH
Direktè, Pwogram Sendwòm Down
Sant Medsin Devlopman
Boston Children's Hospital



Pwogram Sendwòm Down nan Boston Children's Hospital bay sèvis espesyalize pou timoun ki gen Sendwòm Down ak fanmi yo. Ekip pwogram lan travay kole kole ak timoun yo, paran yo, espesyalis medikal, doktè kominotè, ak edikatè. Pwogram lan se yon sèvis espesyalize nan Developmental Medicine Center at Boston Children's Hospital.

Pou plis enfòmasyon oswa sipò, tanpri rele 857-218-4329 oswa vizite sit entènèt nou an: www.childrenshospital.org/downsyndrome

Konpòtman ak Sendwòm Down: Yon Gid Pratik pou Paran

Poukisa pitit mwen ki gen Sendwòm Down lan gen pwoblèm konpòtman?

Pwoblèm konpòtman trè komen lakay TOUT timoun. 1 sou chak 10 timoun gen pwoblèm konpòtman ki ase grav pou yo dyagnostike pa yon pwofesyonèl.

Pwoblèm konpòtman yo pi souvan toujou lakay timoun ki gen Sendwòm Down. 1 sou chak 3 timoun ki gen Sendwòm Down gen pwoblèm konpòtman ki ase grav pou yon pwofesyonèl mete yon dyagnostik. Gen menm plis timoun ki gen Sendwòm Down ki gen pwoblèm konpòtman ki petèt pa janm dyagnostike, men ki toujou lakòz difikilte pou timoun yo ak fanmi yo.

Gen kèk rezon ki eksplike poukisa timoun ki gen Sendwòm Down souvan gen pwoblèm konpòtman:

Difikilte pou kontwòle enpilsyon

Timoun ki gen Sendwòm Down souvan pa remake “siy avètisman yo” ki montre yo pa dwe konpòte yo nan kèk fason.

Difikilte pou kominike

Lè moun pa ka ekspri sa yo santi ni konprann lòt moun fasil, sa fè yo fristre. Timoun ki gen Sendwòm Down souvan konn fè fas ak difikilte sa a.

Difikilte pou konekte ak lòt timoun ak granmoun

Anpil timoun ki gen Sendwòm Down se timoun sosyal ak afektye. Men souvan, yo ka pa konnen kijan pou yo jwe byen ak kamarad yo. Sa ka deranje anpil timoun ki gen Sendwòm Down, epi sa ka lakòz konpòtman negatif.

Difikilte pou jere fristrasyon

Nou deja wè ke timoun ki gen Sendwòm Down gen rezon pou yo santi yo fristre. Malerezman, anpil ladan yo gen difikilte pou kalme tèt yo epi santi yo pi byen lè yo fristre. Sa ka fè pwoblèm konpòtman vin pi grav.


Sonje...

Jan ou leve pitit ou a pa lakòz pwoblèm sa yo.

Men ou ka fè yon gwo diferans si ou fè kèk chanjman. Se konsa bwochi sa a ka ede w!

Kontinye fè sa ki mache

Leve pitit se yon travay ki difisil. Ou pwobableman deja ap fè anpil bagay trè byen kòm paran. Gen kèk zouti ki nan ti liv sa a ki ka ede w fè pi byen toujou!





Fè efò pou w konsistan

Konpòtman ka chanje rapid; sa ki pi difisil se fè chanjman sa yo dire lontan. Se pou sa li enpòtan pou mete yon plan reyalis sou pye. N ap ba ou kèk fason pou w fè sa nan bwochi sa a.

Kenbe je w sou objektif alontèm yo

Fè kèk chanjman kounye a ka fè yon gwo diferans nan avni pitit ou a (egzanp: nivo endepandans, kapasite pou travay, elatriye), menm si ou pa wè gwo chanjman touswit. Sonje objektif la ka ede w kenbe tèt ou ak fristrasyon chak jou.

Konpòtman se yon mwayen pou kominike

Konpòtman yon timoun—menm lè li difisil anpil—ka di nou ke li pa gen yon ladrès li bezwen, ke li fristre, ke li pa alèz fizikman, oswa plizyè lòt mesaj enpòtan. Sonje pitit ou ap eseye kominike yon bagay ka rann li pi fasil pou jere konpòtman difisil.

Menm ide, nouvo apwòch

Sèvi ak menm apwòch ou ta itilize ak yon lòt timoun—epi modifiye li. Anpil nan menm teknik konpòtman yo ki mache ak pifò timoun efikas tou pou timoun ki gen sendwòm Down. Ou jis bezwen aprann sèvi ak yo nan yon fason ki adapte ak pitit ou.

Ou pa pou kont ou

Founisè swen sante pitit ou, sistèm lekòl li, ak resous nan kominote a disponib pou ba ou enfòmasyon, sèvis, ak sipò.

Gid sa a fèt pou ede w sèvi ak teknik konpòtman ki deja pwouve, pandan w kenbe bezwen inik timoun ki gen sendwòm Down nan tèt ou. Teknik sa yo ka ede amelyore konpòtman pitit ou. Gen kèk ide ou ka santi w alèz pou eseye poukont ou. Gen lòt kote ou ka bezwen èd nan men yon pwofesyonèl.

Moun ki ka ede w

Pedyat

Pedyat ou ka pale avè w sou pwoblèm konpòtman, epi li ka ede elimine kòz medikal, tankou dòmi ki pa bon. Pedyat ou kapab tou voye ou bay yon pwofesyonèl sante mantal tankou yon sikològ, yon sikyat, oswa yon travayè sosyal.

Yon konsiltasyon ak yon pwofesyonèl ap pèmèt ou konprann bezwen espesifik pitit ou epi konnen ki pi bon fason pou entèvni. Sa ka enkli egzamine faktè ki afekte konpòtman pitit ou, tankou fason li kominike, kapasite mantal, nivo akademik, anviwònman klas li, ak byennèt sosyal ak emosyonèl li.



Lekòl

Lwa jodi a di edikasyon dwe kouvri tout aspè nan devlopman yon timoun. Si konpòtman se yon pwoblèm, li rezonab pou mande lekòl la èd.

Ou ka mande lekòl la pou li fè yon evalyasyon sou konpòtman pitit ou. Vèsyon fòmèl evalyasyon sa a rele yon Analiz Fonksyonèl Konpòtman (Functional Behavior Analysis, FBA). Sa a ta dwe fèt pa yon ekspè nan konpòtman ki ka obsève pitit ou byen epi detèmine sa ki vini anvan konpòtman yo, ki konpòtman ki pwoblèm, ak sa k ap pase apre konpòtman pou fè yo kontinye. Yon FBA konplè gen ladan li obsèvasyon sou pitit ou nan lekòl, lakay, ak nan kominote a.

Rete pozitif

Timoun ki gen sendwòm Down gen tandans reponn plis a teknik konpòtman pozitif pase disiplin. Kidonk, sonje rete pozitif epi sèvi ak lòt zouti anvan ou mete disiplin.

Bagay ou ka eseye lakay ou

Malgre gen anpil bagay ekspè ak pwofesyonèl ka ede w ak yo, aksyon senp chak jou ou fè lakay ou ka gen yon gwo enpak tou.

Bay enstriksyon senp ak klè

Langaj se bagay ki souvan difisil pou timoun ki gen sendwòm Down. Plis jan ou pale a konplike, se plis pitit ou gen chans pa fè sa ou vle. Se poutèt sa, enstriksyon yo ta dwe presi, dirèk (yon demann, pa yon kesyon), epi gen pi piti kantite etap posib.

Pa egzanp, di: "Bwose dan ou kounye a, tanpri."

Pa di: "Tanpri, ou ka monte epi bwose dan ou anvan nou ale lekòl?"

Di: "Tanpri mete pijama ou."


Pa di: "Mwen deja di ou li lè pou pare pou al nan kabann! Si ou mete pijama ou, m ap vin li yon istwa pou ou."

Ou ka pale ak patolojis lapawòl lekòl pitit ou a oswa yon founisè prive sou lòt opsyon tankou langaj siy oswa sistèm echanj imaj.

Mete yon woutin epi respekte li chak jou

Chak maten, pifò granmoun fè woutin yo nan menm lòd la. Pa egzanp: sèvi ak twalèt la, pran yon douch, mete rad sou ou, manje manje maten ou, bwose dan ou, pare manje midi ou pou ale travay. Gen yon woutin fè lavi vin pi fasil!

Menm bagay la vre pou timoun ki gen sendwòm Down, men woutin lan pi enpòtan toujou. Pitit ou gen plis chans reyisi lè estrikti jounen an menm jan ak jou anvan an. Fè tout sa w kapab pou kreye yon woutin epi ede pitit ou konprann sa li ye.



Sèvi ak orè vizyèl

Anpil lekòl itilize metòd sa a. Men yon egzanp yon woutin apre lekòl ki montre an imaj. Li montre yon timoun ke apre li rive lakay li apre lekòl, li bezwen pann manto li, manje yon ti goute, jwe, li yon liv, epi manje dine.

Tablo sa a te fasil pou fè epi li fasil pou swiv. Yon tablo konsa ka ede pitit ou pase jounen li pi fasil san ou pa gen twòp travay pou w fè.

Pann manto	Manje yon ti goute	Jwe	Li yon liv	Manje dine
				

PLAN POU SITIYASYON DIFISIL

Nou tout fonksyone pi byen ak estrikti, men nou pa toujou ka kenbe tout bagay menm jan. Kòm paran oswa moun k ap pran swen, ou konnen pitit ou pi byen. Ou pwobableman konnen gen kèk bagay ki difisil pou pitit ou. Si w prevwa evènman sa yo, sa ka itil e ou ka ede pitit ou pare pou chanjman yo pou diminye enkyetid oswa pwoblèm konpòtman li.

Youn nan apwòch pou pare pou sa k ap vini rele “Istwa Sosyal”. Teknik sa a se rakonte sa k ap vini pou pitit ou nan yon fòm liv. Sa fèt souvan ak foto, men li ka genyen kèk mo tou. Istwa sosyal ka ede pitit ou pare pou evènman difisil oswa konplèks tankou pran san, ale nan yon nouvo sal klas, oswa fè yon fèt anivèsè.

Pou plis enfòmasyon, gade:
www.thegraycenter.org/social-stories/how-to-write-social-stories

Pran tan pou bagay ki bay plezi

Lè timoun yo gen pwoblèm konpòtman, yo gen tandans resevwa anpil atansyon negatif. Li enpòtan pou gen entèraksyon pozitif ak pitit ou, menm lè bagay yo pi mal. Pran tan chak jou pou jwe yon jwèt, li yon liv, fè yon desen, kwit yon manje amizan, oswa gade yon videyo ak pitit ou, menm si lakay pa bon.



Rekonpanse bon konpòtman

Mete kanpe yon sistèm pou rekonpanse konpòtman ou vle ankouraje yo. Kòmanse pa reponn kesyon sa yo:

- Ki de oswa twa bagay ou ta renmen pitit ou fè pi souvan?
- Èske pitit ou kapab fè bagay sa yo si li te dispoze?
- Èske pitit ou bezwen jwenn rekonpans touswit pou li konprann koneksyon ant fini yon travay ak resevwa yon pri?
- Èske li kapab konprann li ap resevwa yon rekonpans pita pou yon bagay li te fè pi bonè nan jounen an oswa semèn nan? (Sa a se yon bagay ki konplike pou fè!)
- Kisa pitit ou renmen ki ta ka sèvi kòm rekonpans? Sticker? Pyès jeton? Kòb pou achte yon bagay pita? Tan yo jwe yon jwèt ak yon moun espesyal?

Chwazi kèk konpòtman ki enpòtan pou ou, epi sèvi ak yon tablo pou ede pitit ou reyalize yo (gade anba a).

Fè yon tablo bon konpòtman

Timoun ki gen sendwòm Down souvan reponn pi byen ak bagay vizyèl pase ak sa ou di yo. Fè yon tablo ak foto bagay ou ta renmen pitit ou fè, epi mete l kote li ka wè li, tankou sou miray chanm lan oswa sou frijidè a. Ou ka trase foto yo, koupe yo nan magazin, pran foto, oswa fè fotokopi yo soti nan liv.

Lè w ap kòmanse soti, fè objektif yo reyèlman senp epi pozitif. Nou vle pitit ou renmen sa pou li kontinye eseye! Ou ka ede li okòmansman, men ankouraje pitit ou fè travay yo poukont li pou l ka touche yon rekonpans apre kèk jou ap itilize tablo a. Pandan w ap kontinye, ajoute nan kèk travay ki pi difisil pou ale ak sa yo pitit ou a metrize. Sonje byen, ale dousman epi kenbe li senp.

Sèvi ak tablo a toutan toutan. Sa p ap mache si ou sispann sèvi avè l, kit l ap mache byen oswa pa twò byen. Si ou pa ka kontinye oswa ou pa jwenn bon rezilta, chèche èd ak yon pwofesyonèl pou konprann sa k pa mache.

Nan pwochen paj la, gen yon egzanp tablo ak sticker pou swiv pwogrè pitit ou sou kèk travay maten.

Anpil paran enkyete ke kreye yon tablo bon konpòtman se twòp travay. Epi li pran kèk efò. Men, sonje sa mande efò tou pou w ensiste chak jou pou pitit ou fè travay li, diskite avè l, oswa fòse l fè bagay li pa vle. Si ou mete tan ak efò kounye a, sa ka pèmèt ou ekonomize tan pita lè pitit ou konprann epi swiv woutin lan. Fè pitit ou patisipe nan fè tablo a kapab tou yon aktivite amizan.



	Chanje rad	Lave men	Fè yon desen	Ale nan twalèt	Rekonpans
					
Lendi					
Madi					
Mèkredi					
Jedi					
Vandredi					

Ede pitit ou aprann fè travay se pa sèlman pou fè lavi ou pi fasil. Li enpòtan tou pou avni li. Timoun ki gen sendwòm Down gen tandans aprann pi byen atravè repetisyon ak estrikti. Si ou ka ede anseye konpetans sa yo kounye a, pitit ou gen plis chans pou l kapab fè yo poukont li kòm granmoun. Sa ka fè yon gwo diferans nan lavi l pita.

Tablo yo dwe ajiste souvan pou reflète nouvo konpetans ak chanjman. Ou ka vle konsilte yon pwofesyonèl pou ede ou fè sa.

Chwazi batay ou yo

Èske li pa ta bèl si nou te ka fè tout moun nan lavi nou konpòte yo egzakteman jan nou ta renmen an? Avèk lòt granmoun, ou konnen ou pa ka toujou jwenn sa ou vle. Menm bagay la tou pou pitit ou. Anpil agiman, konfwontasyon, ak chagren ka evite si ou jis chwazi batay ou yo. Li souvan itil pou w pran yon ti distans epi reflechi si yon konpòtman vo reyaksyon.

Konsidere sa ki annapre lè w ap chwazi ki batay pou w angaje w ladan yo:

- Èske konpòtman an danjere? Si se konsa, Lè sa a, ou bezwen entèvni.
- Si konpòtman an pa danjere, èske li se youn nan 2 oswa 3 pwoblèm ou ta pi renmen diminye? Si se pa sa, ou ka vle kite l pase... pou kounye a.
- Si konpòtman an pa danjere men li senpleman anmèdan, petèt pi bon solisyon an se inyore li. Sa ap pa sèlman evite tèt fè mal pou ou, men li ka menm elimine konpòtman an.

Evite lit pouvwa lè w ofri chwa epi bay pitit ou plis pouvwa!

Lit pouvwa yo trè komen ant paran ak timoun. Yon lit pouvwa se lè yon timoun vle fè yon bagay, epi yon paran vle l fè yon lòt bagay. E pèsonn pa vle bay legen.

Lit pouvwa ka trè boulvèsan, e souvan difisil pou tou de, paran ak timoun. Yo ka vin pi difisil pou timoun ki gen sendwòm Down, paske yo souvan sosyal ak afektye, epi li ka boulvèse yo pou yo nan konfli ak yon moun yo renmen.

Lè w ap reflechi sou lit pouvwa, kenbe bagay sa yo nan tèt ou:

- Menm jan avè w, pitit ou a ta renmen gen kèk kontwòl sou lavi li.
- Ou se chèf la, men moun yo plis renmen chèf ki koute yo epi ki ba yo kèk pouvwa.
- Lè ou bay moun menm yon ti kontwòl, yo konn santi yo pi byen.

Pou evite yon lit pouvwa, ou ka eseye bagay sa yo:

- Ofri pitit ou yon chwa. Si gen twa bagay ki dwe fèt, kite pitit ou chwazi nan ki lòd li vle fè yo.
- Bay pitit ou yon opsyon "si-alò". Si li fè sa ou vle an premye, li ka fè yon bagay li vle apre.

Fè travay ki difisil vin pi amizan

Si yon timoun nan gen difikilte lè pou li benyen, pote yon jwèt li renmen pou fè moman an pi fasil.

Dezame epi distrè

Imajine yon ti gason de zan k ap kriye paske yo pran tetin li. Timoun sa a twò piti pou konprann pifò fòm pinisyon, epi konpòtman sa a pa yon bagay ou ta dwe pini de tout fason. Anpil paran, menm san yo pa reyalize, sèvi ak prensip "dezame ak distrè". Sa vle di, yo ta bay timoun nan yon lòt jwèt pou ede l sispann kriye.

Menm prensip sa a ka sèvi pou jere konpòtman difisil oswa gwo reyaksyon emosyonèl lakay timoun ki pi gran oswa ki gen sendwòm Down. Bliye ansyen konpòtman an oswa sa ki te lakòz li a, epi prezante yon bagay nouvo pou ede pitit ou kalme l epi chanje konsantrasyon li.





KENBE LI ENTERESAN

Nan machin, ou ka chante, mete yon DVD, oswa chèche lèt deyò machin nan. Nan mache, ou ka bay timoun nan yon lis oswa foto atik manje pou li chèche yo.

Korije: Montre yon pi bon fason

Pafwa, timoun mal konpòte yo paske yo pa gen lòt opsyon pou jere yon sityasyon. Pa egzanp, yon timoun ki gen laj preskolè ki gen difikilte pou l pale ka choute yon lòt timoun paske li pa konnen kijan pou mande timoun sa a pou li jwe.

Nan ka konsa, li ka toujou nesèsè pou disipline pitit ou a, men ou ta dwe konsidere fè kèk anseyman oswa gidaj tou. Pwofesè pitit ou a oswa pwofesyonèl sante ou a kapab ede enstwi ou nan teknik sa a.

Nan egzanp ki anwo a, oumenm oswa pwofesè pitit ou a ta di pitit ou a ke choute pa akseptab. Lè sa a, ou ta ka montre l ki jan yo mande yon lòt timoun jwe. Depi timoun ki gen sendwòm Down souvan aprann pi byen ak repetisyon, sa ka bezwen pou montre l anpil fwa. Lekòl yo souvan vle ede avèk kalite entèvansyon sa a.

Yon lòt opsyon se "konpòtman ranplasman". Sa se yon lòt konpòtman timoun nan ka fè pou evite konpòtman negatif la. Pa egzanp, yon timoun ki konn pencheng kamarad li yo ka aprann bay lamèn!

POUVWA INYORE

Anpil timoun ki gen sendwòm Down yo trè sosyal. Yo souvan renmen resevwa atansyon, menm si li negatif. Si yon konpòtman pa danjere, eseye inyore li epi pa bay okenn reyaksyon. Pafwa sa ase pou fè konpòtman an sispann!

Sèvi ak tan-soti avèk sajès

Jou sa yo, pifò paran yo abitye avèk lide yon "tan-soti." Men, anpil paran, pwofesè, ak lòt moun k ap travay avèk timoun yo jwenn tan difisil pou itilize efektivman.

Pou nou konprann tan-soti, fòk nou reflechi sou rezon timoun yo aji mal. Pifò nan tan, gen yon bagay ki fè move konpòtman an amizan oswa enteresan pou timoun nan.

Pa egzanp, imajine yon timoun nan biwo doktè a avèk paran l ak pedyat li. Nan mitan konvèsasyon an, timoun nan etèn limyè yo yo nan biwo a. Doktè a ak paran timoun nan leve nan plas yo, kouri reprimande timoun nan, epi prese pou limen limyè yo ankò.

Anvan timoun nan te etèn limyè yo, paran l ak doktè l yo te pwobableman ap diskite epi yo pa t prete anpil atansyon sou li. Men lè li etenn limyè yo, tout bagay chanje byen vit!



Tan-soti ki baze sou lide ke, pou nou fè timoun sispann fè yon bagay, nou dwe fè konpòtman sa a mwens plezi ak / oswa mwens enteresan. Nan ka timoun ki etenn limyè yo, yon bon repons ta dwe pou tout moun rete trè kalm, limen limyè yo ankò, epi kontinye konvèsasyon yo. Sa retire motivasyon pou timoun nan repete konpòtman sa a.

Pratik tan-soti a ale pi lwen. Pou nou retire nenpòt bagay plezi oswa enteresan sou yon move konpòtman, nou jwenn yon zòn nan kay la oswa salklas ki pa gen anyen enteresan sou li. Sa a ta ka yon kwen nan sal la oswa yon sal. Li enpòtan ke nan espas tan an soti, pa gen okenn jwèt, televizyon, oswa moun fè li plezi.


Reyaji nan move konpòtman pitit ou a lè w rele, kriye, reprimande, oswa fache, sa pa yon plezi pou ou. Men, sonje ke reyaksyon sa yo (fè w fache) ka enteresan oswa yon plezi pou pitit ou a. Lè pitit ou mal konpòte li, eseye evite reyaksyon sa yo. Lè nou rete kalm, sa fè pitit ou a gen mwens chans pou repete konpòtman an nan kesyon an. Rete kalm, epi ou ka itilize lòt tèm tankou “pran yon ti repo.”

Wete privilèj

Yon lòt fason pou w disipline pitit ou a se wete bagay li renmen lè li mal konpòte li. Pa egzanp, si pitit gason w lan frappe sè l la, li ka pèdi nan tan pou gade televizyon.

Kenbe nan tèt ou disiplin sa a pral efikas sèlman si pitit ou konprann li. Se poutèt sa, ou ta dwe sèlman wete yon bagay nan men pitit ou si li konprann rezon ki fè ou fè sa.

Solisyon yo nou te prezante nan bwochi sa a se sèlman kèk nan plizyè fason ou ka ede pitit ou a ak sendwòm Down amelyore konpòtman li. Ou pral bezwen travay ak fanmi w, lekòl, ak pwofesyonèl pou wè sa ki pi bon pou ou ak sa ki pi efikas pou pitit ou. Pou plis enfòmasyon oswa sipò, tanpri kontakte Pwogram Sendwòm Down nan Boston Children's Hospital nan 857-218-4329 oswa www.childrenshospital.org/downsyndrome



David Stein, Psy.D.

Doktè David Stein se yon sikològ pedyatrik nan Sant Medsin Devlopmantral nan Boston Children's Hospital epi li se Enstriktè nan Harvard Medical School. Li se yon manm fakilte nan Pwogram Lidèchip pou Edikasyon sou Twoub Neurodevlopmantral (Leadership Education in Neurodevelopmental and Related Disorders, LEND) nan Harvard Medical School ak Enstiti pou Enklizyon Kominotè. Doktè Stein espesyalize nan tès nèvopsikolojik ak tretman



konpòtman pou timoun ki gen andikap devlopmantral. Li se prensipal sikològ ak Ko-Direktè Rechèch pou Pwogram Sendwòm Down lan. Rechèch li konsantre sou fenotip egzat timoun ki gen pwofil neurodevlopmantral konplike, tretman konpòtman, ak rezilta. Doktè Stein te kòmanse travay li ak timoun ki gen sendwòm Down pandan pwòp anfans li kòm yon volontè ak gwoup sipò lokal yo. Li se yon moun ki fèt Boston. Li te etidye nan Inivèsite Tufts kote li te espesyalize nan sikoloji klinik ak yon konsantre sou devlopman timoun. Apre sa, Doktè Stein te jwenn doktora li nan sikoloji klinik nan Massachusetts School of Professional Psychology. Li te konplete estaj pre-doktora li nan sikoloji timoun nan Harvard Medical School - Cambridge Hospital, epi li te fè estaj postdoktora li nan sikoloji pedyatrik nan Boston Children's Hospital.



www.childrenshospital.org/downsyndrome

www.facebook.com/bostondsp